



## Règleman Pri woman *Émile Célestin Mégie*

**Atik 1.-** Pri woman Émile Célestin Mégie ap fonksyone sou lobedyans Komisyon kilti ak literati Akademi Kreyòl Ayisyen.

**Atik 2. -** Pri woman *Émile Célestin Mégie* ap rapousuiv objektif sa yo:

- a) Ogmante kantite woman ki ekri nan lang kreyòl ayisyen an;
- b) Fè pwomosyon bon kalite woman ki ekri nan lang kreyòl ayisyen;
- c) Ankouraje ekriven ki ekri woman nan lang kreyòl ayisyen;
- d) Fè dekouvri woman ki ekri nan lang kreyòl ayisyen an.
- e) Ankouraje plis lektè apresye woman ki ekri an kreyòl ayisyen.

**Atik 3.-** Pri woman Émile Célestin Mégie ouvri pòt li pou tout kandida, Ayisyen ki ap viv nan peyi Ayiti oubyen ki abite nan peyi etranje ki itilize lang kreyòl ayisyen an nan travay kreyasyon yo.

**Atik 4:** Maniskri yon kandida pwopoze dwe yon zèv orijinal li pat ko janm pibliye okenn kote, sou kèleswa fòm nan.

**Atik 5 :** Zèv la dwe yon pwodiksyon endivididyèl.

**Atik 6 :** Maniskri a dwe respekte dispozisyon ki nan Premye ak nan Dezyèm Rezolisyon Akademi an sou òtograf lang kreyòl ayisyen an (Yo

disponib sou sipò papye nan lokal AKA nan # 20, Avni Lamatinyè / Bwa Vèna ak sou Sit ofisyèl enstitisyon an : [www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net))

**Atik 7 :** Tèks AKA ap konsidere pou konkou a, se sila yo ki respekte Règleman Pri a.

**Atik 8 :** AKA p ap retounen tèks orijinal li resevwa yo.

**Atik 9:** Tèks orijinal la dwe ekri nan *Word*; li dwe genyen 150 paj pou pi piti, 250 paj pou pi plis, nan fòma  $8 \frac{1}{2} \times 11$ ; karaktè : *Times New Roman*; polis 12; maj anwo, maj anba: yon pou chak kote; maj adwat, maj agoch: yon pou chak kote.

**Atik 10:** Otè a dwe voye tèks la nan adrès elektwonik AKA:

[enfomasyon@akademikreyol.net](mailto:enfomasyon@akademikreyol.net).

**Atik 11:** Chak patisipan dwe prezante yon sèl tèks.

**Atik 12:** Maniskri a dwe rive nan AKA anvan dat limit AKA fikse a.

**Atik 13:** Patisipan an dwe ranpli yon fòmilè enskripsyon, siyen yon kontra kote li aksepte prensip konkou a, epi voye de (2) dokiman yo nan AKA. Kandida yo ap jwenn dokiman sa yo nan biwo AKA,

sou paj ***Facebook*** li e sou sit entènèt enstitisyon an [www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net). Pou plis detay ak enfòmasyon, kontakte AKA:

(509) 2817-5964 / 3333-0815 / 3333-0817;

Imèl: [enfomasyon@akademikreyol.net](mailto:enfomasyon@akademikreyol.net)

**Atik 14:** Gayan Pri woman *Émile Célestin Mégie* a ap resevwa rekonpans sa yo:

1. AKA ap fè 500 liv epi gayan ap genyen 300 kopi liv la.
2. Pwomosyon zèv nan Bilten enfòmasyon AKA a epi nan tout rezo sosyal enstitisyon an;
3. Patisipasyon kòm entèvenan nan divès aktivite AKA tankou selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl;
4. Akonpayman AKA nan fè pwomosyon zèv li a nan:
  - ❖ Radyo
  - ❖ Lekòl
  - ❖ Jounal
  - ❖ Televizyon